Пщэдей Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРПАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№34 (24.160) • 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуху пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу махуэшхуэмкIэ - Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэмкIэ.

Ар гулъытэ хэха зыхуэтщI махуэщ, абы и купщIэри хэлъщ а махуэм зэреджэм икIи ар и щыхьэтщ тхыдэм захуагъэр зэрызэфIигъэувэжым, балъкъэр лъэпкъым и иджырей тхыдэм и къэгъэшыпIэуи уваща, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнумкIэ къыпхуэмылъытэнум хуэдиз мыхьэнэ иIэу. Псом ди дежкIэ гуфIэгъуэшхуэ щыт мы махуэм дэ дригушхуэу къыдогъэлъагъуэ адэжь щIыналъэм къиг ъэзэжа нэужь балъкъэр лъэпкъым экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм ехъуIэныгъэшхуэхэр зэрыщызыIэригъэхьар, Урысей Федерацэм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я деж хуэфэщэн увыпIи зэрыщыбдыжар. Псэкупсэ, щIэныгъэ зэфIэкI хъарзынэхэр иIэу абы гушхуауэ еухуэ гъащIэщIэр, урысей къэралыгъэр гъэбыдэнымрэ Хэкум и лъащагъым хэгъэхъуэнымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI.

Си фIэщ мэхъу, ди цIыхубэм я зэкъуэтныгъэр тхьэмахуэ, дызэдегупчуу а Iуэхуэхэм дытелажьэурэ дэ дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым адэкIи зиужьныр зэрызэдгъэхъулIэфынур, экономикэми зэрызедгъэIэтыфынур, социальнэ зэIуэпэщIыгъэми дызэрыгъэсыфынур.

Республикэм щыпсэу псоми си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу мамыру псэуну, фIыгъуэ щымыщIэну, я Iуэхуэхэр сыткIи ефIэкIуэну.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысей гвардием къулыкъу щызыщIэхэм ехъуэхъуащ я Iэщ Iагъэм епха махуэшхуэмкIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэм къулыкъур щезыхьэкIэхэм ехъуэхъуащ я Iэщ Iагъэм епха махуэшхуэмкIэ. Ар УФ-м и Президентым 2017 гъэм къыдигъэкIа УказымкIэ нгъэуващ икIи гъатхэпэм и 27-м ягъэлъапIэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и лъэпкъ гвардием и дзэхэр илъэситху, хабзэр хъумэным хуэгъэпса дзэхэр къыздэсыгъэгъэпэщэ илъэс 210-рэ зэрырикъум и щыхьклэ зэхаща гуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIуахащ Iэщ кIэ зэщIыуэзда бзаджащIэхэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм щапэщIэту зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм хуагъэува фэепльыр къызэIухыныкIэ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФШI-м щыIэм и Аппаратым КъБР-м кьегъэщIылIа и къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Таймураз**, ветеран зэгухьэныгъэхэм, кьарузэкIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

Кьыззхуэсахэм фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ икIи хэкIуэдахэм яхуэщIгъуащ, дакъикъэкIэ щыму щыту. Абы и ужькIэ гуфIэгъуэ зэхьхьэм щIидзащ.

КIуэкIуэ Казбек Управленэм и лэжьакIуэхэм защыхуигъаазэм кьыхигъащащ Урысейм и Президентым илъэситху ипэкIэ кьащищIа къэрал кьалэн льагэр Урысей гвардием хэтхэм щIыхь пылъу зэрагъэзащIэр. «Нобэ Урысей гвардием лъэпкъ щынагъуэншагъэр кьызэрегъэпэщ: къэмылэнджэжу пэщIэтщ щIэпхъаджагъэм, терроризмэм, экстремизмэм, Урысей Федерацэм и щIыналъэм хабзэр кьащIыгъэригъэпэщу. Илъэситхум кьриубыдэу Урысей гвардием гуэгуанэ дахэ кьикIуащ, нэхъапэм а унэтIыныгъэм щIилэжьа Iуэхуащ IапIэхэм я хабзэ нэхъыфIэхэр кьеГъэсабэп», - кьыхигъэщащ Iэтащхьэм.

ЗыIэрагъэхьа ехъуIэныгъэхэмра илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу кьулыкъым зэрыпэрытым папщIэ лэжьакIуэ зыбжанэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхыльхэр яритащ КIуэкIуэ Казбек. ЩIыналъэм и Iэтащхьэр зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуащ уэшыщагъэ, ехъулIэныгъэщIэхэр яIэну икIи «сыт щыгъуи я унэ екIуэлIэжыну».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Зыужьныгъэм и гъуэгукIэ

Балъкъэр лъэпкъым дежкIэ гъатхэпэр я щыгъуэ зэману ин лъэс куэдкIэ кьекIуэкIащ. А мазэрат 1944 гъэм зэрылъэпкъуу Хэкум ирагъэкIыу Къзахстанымрэ Азие Курытымрэ щыпсэуну щагъэкIуар. СССР-м щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъ куэдми а гъэм апхуэдэ я натIэ хъуауэ щытат.

ЗИ ГУГЪУ тщIы Iуэхум тхыдэ кIыхь къыдогъуэгурыкIуэ, мафIэгум залымыгъэкIэ ирагъэтIысхьэу Азие Курытым щыпсэуну лъэпкъ псом я Хэкур щрагъэбгынам къыщыщIэдзауэ. Балъкъэрхэр ягъэкъуэншат «Iуащхьэмахуэ лъапэ зыуБыдыну мурад зиIа нэмыщ зэрыпхъуакIуэхэм зэрапэщIэмыувэфамрэ Хэкум зэрепщIжамкIэ».

Зыри зыпэмыплъа апхуэдэ Iуэхугъуэр псом нэхъри нэхъ хьэлъэж ящыхъуат абы зыкIи хуэмыхьэзыру зи унэ жьэгужьр къэзыгъэнэну къызыхудэкIахэм. Я мылъкури къагъанэрт, уеблэмэ щыгъын къудейрэ нэхъ зыхуеину хьэпшыпхэмрэ къыщыздамыщтэф къэхуу. ЦIыхухэр кьешэжкIынымэ щыщIа мафIэгухэмкIэ ягъэIэпхъуэн щIадзахэм ящыщу цIыху 500 хэкIуэдат. ПсэупIащIэхэр яухуэн хуейуэ къызыпэщылъхэм яхэтт балигъи, сабии, лIыжь-фызыжьи, ныкъуэдыкъуи. Хэкум ирамыгъэIэпхъукIыу кьэнакъым зауэ Iэнатlэм Iутауэ кьэкIуэжкэри. Нэхъыжькэм жалэж нэгъуэщI мыхъуми сабийхэр кърагъэлын щхьэкIэ, адыгэ унэщIэкIэ ирагъэтахэри зэрыщыIар. ХамэщI ягъэIэпхъуэнрэ екIуэкIащ 1948 гъэ пщIондэ. ЯгъэIэпхъуэрт Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щымыпсэухэри.

- Сталиным и зэманым къэхъуа апхуэдэ цIыхугъэншагъэр зыщыбгъэгъупщэн е бгъэгъун пльэкIыркъым. Уеблэмэ акъылым кьиIаесэркъым апхуэдэ гущIэгъуншагъэр зэрыблэжьыкIэ хъунур. Зы жэщ-махуэм балъкъэр кьуажэ псори цIыхуншэ хъуат. ЦIыху мин 38-рэ гъуэгу насыпыншэ трагъэуват. Кьуржым хэса балъкъэр кьуажэ 60-м нэблагъэ ноби зэфIэмыцIэжауэ жьэ кьэнащ. Ау лъэпкъыр а гугъуехьхэм иращIыкIакъым, - етх Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Газдиев Ахьмэт.

Республикэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтат, иджы абы и фIэщыгъэм балъкъэрыр пытыжтэкъым - Къэбэрдей АССР щыхъуар абы щыгъуэт. Илъэс 13-кIэ балъкъэр лъэпкъыр хамэ щIыпIэ щыпсэуащ, 1956 - 1957 гъэхэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэ зыбжанэ кьыдэкIыныкIэ. Шэч хэмылъу, а дэфтэрхэм я уэкькIэ балъкъэрхэмрэ зи щIыналъэ зрагъэбгына нэгъуэщI лъэпкъхэмрэ ягъэзэхуэжащ.

1957 гъэм щIышылэм и 9-м кьыдагъэкIа Унафэмрэ мазаем и 11-м кьащта Законымрэ япкъ иткIэ Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР ящыжат. Иужьрей дэфтэрыр щIигъэбыдэжащ а гъэ дыдэм гъатхэпэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьыдигъэкIа Законым. А махуэр (гъатхэпэм и 28-р) щIэдзапIэ хуэхъуащ балъкъэр лъэпкъым зыкъаужьыжьыным.

1994 гъэм кьыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и зы махуэм балъкъэрхэм я гур псэхуэмпащ - гъатхэпэм и 28-р Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэ махуэр республикэм щагъэлъапIэн щIадзэри. Махуэшхуэхэр щыкъэт тохъуэ тхыдэ куум икIи лъэпкъым я нэхъыжьхэм я фаеплъхэр ящымыгъэгъупщэным, зыужьыжыным хуэунэтIащ.

Хабзэ хъуауэ гъатхэпэм и 28-м республикэ псом гуфIэгъуэ зэхьхьэхэр щокIуэкI икIи зыгъэпсэхуГуэ махуэу щытщ. Ауэ унагъуэхэм ягу къыщагъэкIыж япэ итахэм гъащIэ гъуэгуанэ гугъу къыззрыззэпачар, я нэгу щIэкIар.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

МафIэгур зекIуэнущ махуэ къэс

«Налшык – Москва» мафIэгур махуэ къэс зекIуэу зэтраублэжьынущ мы гъэм и мэлыжьыхьым и 25-м къыщыщIэдзауэ.

АБЫ ТЕУХУА зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгум и унафэщI Задорин Сергейрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ мы гъэм щыШышлэм и 21-м щызэIущIам. Нэхъ пасэуи а Iуэхум щыхэплъауэ щытащ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ «ЦIыхухэр къезышэкI къэрал компание» акционер зэгухьэныгъэмрэ.

Дызэрыщыгъуаззщи, иджыпстукIэ мафIэгур зэрызекIуэр мазэм и зэпэмыбж махуэхэрщ.

061С мафIэгур Налшык и гъущI гъуэгу вокзалым текIынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъи 4-м. Зы махуэрэ ныкъуэкIэ гъуэгу тетауэ, ар Москва и Павелецкэ вокзалым техьэнущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 18-м. Москва къикI 062С-р сыхьэт 21-рэ дакъикъ 42-м кьыдекIынырэ, апхуэдизу дыдэ зэманкIэ гъуэгу тетынущ икIи Налшык сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 14-м къэсынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Адыгэхэр: дунейм нэхъыжь дыдэу тет лъэпкъхэм яз

• ТхылъыщIэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и нэIэ щIэту иджыблагъэ «Принт-Центр» тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэдрэ а газетым и обозреватель, ткачIуэ Чэрим Марианнэрэ ягъэхьэзыра «Адыгэхэр: дунейм нэхъыжь дыдэу тет лъэпкъхэм я» тхылъыр.

ЩIЭНГЪУАЗЭ жьыпхъэм иту дунейм кьытехьа кьыдэкIыгъуэр напэкIуэцI 652-рэ мэхъу, абы ихуащ сурэт 1538-рэ, езыр Iыхьэ 22-уэ зэхэтщ.

«Адыгэм кьызэринэкIа тхыдэ гъуэгуанэм апхуэдизу и кIыхьагъ, и куугърэ пэт, джа зэрыхъуа и лъэныкъуэкIи зэрызиубгъуа щыкIэкIи арэзы укъищIыным фIыуэ пэжыжьащ нобэр кьыздэсым», - зыкъащIыгъуегъаз эр пэублэм зи гугъу тщIы тхылъым мылъкуКIэ щIигъэкъуэн хуэхъуа, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен.

Ди тхыдэджхэр щылажьэ хэгъэгухэр зэрызэпэIэщIэри, щхьэж зыхэпсэукI къэрал хабзэм зэрызыдригъэкIупхъэри щхьэусыгъуэ хуохъу, щIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, лъэпкъым теухуа лэжьыгъэхэр дызыхуей лъагапIэм зэрыт хунэмыкIэсым: «Ди лъэпкъым и тхыдэр зэфIэгъэувэжьи зэрыхуейм деж кьыщымынэу, пэжу зыгурыгъэIуэни хуейщ. Ар тхуэзфIэкIынукъым, щIы хъурейм и щIыIум адыгэм лъэужьу къытрина псори кьызэщIэдмыкIуэжауэ, ди щIэныгъэлIэхэмрэ хамэ ягъэралхэм щыщ тхыдэджхэмрэ бжьыпэр зыIыгъ бзэ лъэрызехьэхэмкIэ кьрахьэлIа тхыгъэхэр зы дымыщIыжауэ».

ЖьыIэгъуэ кIэщIхэр ди зэманым и нэщэнэ хуауац. Нобэ телефоным зи Iэ лъэIэс дэтхэнэ зыми кьыпхьыхуэр занщIу и акъыпмыкIыпхъуэтэн, итIанэми Iуэхур зыуТым теухуауэ зымыгъэзэлэрыгъын псалъэ щэрыуэхэщ. Аращ тхьылъыр зыгъэхьэзырахэм зытращIыхьар, щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэ цIэрыIуэхэм кьыхаха пычыгъуэ кIэщIхэмкIэ лъэпкъым и блэкIар нэгум кьыщIагъэувэну мурад щащIам. Псалъащхьэхэм урипльэмэ, гугъу удемыкьу кьыбгуроIуэ ар: «ШIэрджэсей – адыгэхэм я хэгъэгу», «Бзэмрэ тхьбзэмрэ», «Теплъэмрэ щыгъынымрэ», «Унагъуэмрэ гъэсэныгъэмрэ», «Къэжьа зауэр», «Лъапсэмрэ абы и зехьэкIэмрэ», «Адыгэшыр», «ФIэщхъуныгъэмрэ динымрэ», «Адыгэхэр хэкум зэрырагъэIэпхъуэкIар. ЩIыналъэм хамэхэр кьызэрырагъэтIысхьар», къинэмыщIхэр.

Тхылъыр кьыдэзыгъэкIаХэм тхылъеджэр тегъэчыныхьауэ хуагъэсакъ ар лъэпкъ зэхэгъэж ящIын гукъыдэжьым тегъэщIапIэ хуащI зэрымыхъунум. Ауэ щыхъкIэ, лъэпкъ щхьэхуэу дунейм ущытеткIэ, кьыбдалъуа фIыр хэбгъэкIуэдэжынри захуагъэкъым.

«Мамырыгъэм, зэныбжьэгъуГъэм кьыхуедджэныщ, щхьэж и пщэ дэлъ кьалэнымрэ кьрита Iэмалымрэ темыплъэжьыкIыным тедгъэгушхуэныщ мы тхылъыр кьыщIидзэдгъэкIым диIа плъапIэр, - кьыщыхагъэщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа тхылъым и пэублэм. - Кавказым кьыщалъхуахэм зыщыщыр ябзыщIым хьэзыру щыпсэу нобэрей дунейм цIыхухэм ягу кьэдгъэкIыжьну дыхуейт зэгуэр а хэгъэгур зы унагъуэшхуэ хуэдэу зэрыщытари, Къэбэрдей щIыналъэ махуэр зи нэр плъэм щапхъэу зэриIари. Тхылъеджэм а «зэхэгъэж» тIэкIур кьытхуидэмэ, адрей псомкIи дэ тIэщIэкIа щыуагъэхэр зэзыгъэзэхуэжымрэ кьыкIэлыкIуэ лъэбакъуэр зычыжьмрэ фIыщIэ яхуэтщIнущ».

КIэух псалъэ пащIэу, тхылъым иджыри ихуащ Хьэткъуэ Самир, Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд сымэ я тхыгъэхэр.

ТекIуэда лэжьыгъэр зэрыабрагъуэм кьыхэкIыу, зи гугъу тщIы кьыдэжьыгъуэр зэкIэ дунейм кьыззрытехьар бжьыгъэ мащIэщ, ауэ дыщогугъ етIуанэ кьыдэкIыгъуэм я гукъыеуэр тщхьэщIжыну.

ХЬЭПЦIЭ Iэуес.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IэтащхьэмИ Указ

Щэнхабзэмрэ гъаздждэмрэ хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ щIыхь цIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ суРэтыщI»

ГъущIапщэ Арсен Хьэжумар и къуэм - Урысейм Художествэхэмкlэ и академием и член-корреспондентым, «Урысейм и Сурэтыщlхэм я союз» творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм хэтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Бэлахъуэ Анитэ Iэбубэ и пхъум - «Къэрал Музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iэхуущ Iапl эм и артистка-уэрэджы Iакl уэ пажэм

Къущхьэ Светланэ Абдулчэрим и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iэхуущ Iапl эм и симфоние оркестым и артистка пажэм

Терёхинэ Еленэ Борис и пхъум - «Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iэхуущ Iапl эм драмэмкIэ и артистка пажэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Кульбаевэ Изобелэ Эльбай и пхъум - Щэрэдж муниципальнэ щIыналъэм хьыхьэ Къэщкъэтау къуажэм дэт «ЩIыналъэм щэнхабзэмкIэ и унэ» муниципальнэ кIэзонэ Iэхуущ Iапl эм и методист пажэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 25-м
№31-УГ

КIуэкIуэ Казбек яIущIащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц мардэм тету гъатхэпэм и 25-м яIущIащ республикэм и щэнхабзэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм икIи ехъуэхъуащ абыхэм я Iэщ Iагъэм епха махуэмкIэ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Кавказ Ищхъэрэм щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолий, республикэм и творческэ лэжьакIуэ гупхэм, театрхэм, музейхэм, библиотекэхэм я унафэщIхэр, щIыпIэ администрацэхэмрэ щэнхабзэм и муниципальнэ къудамэхэмрэ я унафэщIхэр.

КIУЭКIУЭ Казбек и хъуэхъум кьыхигъэщащ: «ЩIэнхабзэм зегъэужьыныр къэрал политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм а Iэнатlэр къэралым и фIыгъуэ нэхъыщхьэхэм халъытащ. Къэралым зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI а зэхъуэкIыныгъэхэр законкэм кьыщыгъэлъэгъуэным теухуауэ. Дяпэкlэ юридическэ и лъэныкъуэкIэ щIэгъэбыдауэ щытынущ къэралым щэнхабзэмрэ Урысейм и лъэпкъхэм я щхьэхуэныгъэхэмрэ ихьэмэныр, абы зыщIигъэкъуэныр икIи зегъэужьыныр, хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэм ядэIэпыкъуныр, псоми ди зэхуэдэ щэнхабзэ кьулеигъэхэр ихьэмэныр зэрикьалэныр. Щэч хэмылъу, абы хохьэ ди щIэин уасэншэхэр хьэумэнри».

Iэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуГащ щэнхабзэ Iэнатlэм зыщIигъэкъуэным хуэунатIауэ республикэм куэд зэрыщыIэзфIагъэкIыр: «Дэ идогъэфIакIуэ щэнхабзэм и Iуэхугъэ Iэнатlэхэм я тепъэрикIи а лэжьыгъэ щекIуэкIыр республикэм и кьалащхьэм и закъуэкъым, атIэ кьаIущ цIыкIуэхэми жьлэхэми далъоIэс. Илъэс кьэс нэхъ дахэ мэхъу ди театрхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, музейхэр, библиотекэхэр. Апхуэдэу щытми, дэ кьыдгуроIуэ кьаIэн псори зэрызэфIэмыкIар. Дэ кьытпэщытщ Iэнатlэм и материально-техникэ лъабжьэр едгъэфIэкIуэныр. А кьалэныр гъэззщIэным хуэгъэпсащ Президент Путин В. В. пщэрыльэ зэращIам ипкъ иткIэ кьыхалъхьа «ЩIэнхабзэ» лъэпкъ проект хэхар.

«ЩIэнхабзэм и лэжьакIуэхэр я Iэщ Iагъэм зэрыхуэIэзэм, хьэлэлу я Iэнатlэм зэрыпэрытым и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэр утыкIуэхуэхэм щаIэт, къэралым и щIыпIэ куэдым ахэр кьыщащIыху, творческэ гупхэмрэ уэрэджы Iакl уэхэмрэ ди лъэпкъхэм я щэнхабзэр Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми хэIущIыIу щащI. ФIыщIэ фхузощI щэнхабзэм кьулыкъу зэрыхуэфщIэм, фи лэжьыгъэфIым, фи зэчиймрэ Iэзагъэмрэ папщIэ», - кьыхигъащащ щIыналъэм и Iэтащхьэм. Абы зэIущIэм хэтхэр кьыхуриджащ щэнхабзэ Iэнатlэм кьыпщыт си чэзу кьалэнхэм, къэрал, щIыналъэ проектхэр зэрагъэзащIэм теухуа псалъэмакъым кьыхьыхьну.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин щIыналъэм и Унафэщым фIыщIэ хуищIащ пандемием и лъэхъэнэм гугъуехь куэдым Iууа щэнхабзэ Iэнатlэм зэрызыщIигъакъуэм папщIэ. Абы кьыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм куэд зэрызэфIагъэкIар, ауэ нэхъыбэжи кьаззрыпэщытыр. Къэрал проектхэр яГъэзащIэкIэрэ, 2020 гъэм Щэнхабзэмкlэ унэхэр щаухуащ Нартанрэ Псыкlэхуэрэ, зэрагъэпэщыжащ Кьыщэк, Урыкъ, Акъбащ Iипщэ, Светловодскэ, Шордакъ, Пролетарскэ, Эльтюбю, Гундалэн жьлэхэм дэтхэр. Абы апхуэдэуи жиIащ мардэ ткIийхэм зэрытетым хуэдэури кьуажэхэм щIэуэ щаухуа, щызэрагъэпэщыжа Щэнхабзэмкlэ унэхэм гуфIэгъуэ зэхьхьэ мин 17-м щIигъу зэрыщагъэкIэжкIар. Министрым щапхъэу кьихьащ Урыкъ кьуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэр, 2020 гъэм кьызэIуахар: «Иджыблагъэ а Iуэхущ Iапl эм дыщыкIуам тлъэгъуам икъуэкIэ дыщыгуфIыкIащ - сабий щэщI кьафэм зыхуагъасэу абы и утыкум итт. Абы кьыкIыращи, Щэнхабзэмкlэ унэм щIыхьэр пэплъэрт, абы хуэныкъуэт».

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

КІуэкІуэ Казбек яІущІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Къумахуэ Мухьэдин хэхауэ фІыщІэ яхуищІащ щэнхабзэм и муниципальнэ къудамэхэм. Абыхэм мы зэманым лэжьыгъэшхэу щыгъэкІуэкІ щІынальхэмэ, республикэм щыпсэуэхэм я щэнхабзэ зэхэщІыкІыр къэІэтыным хуэунэтІауэ. И къэпсэльыным министрыр къыщыуцуфыІащ 2020 гъэм музеих зэрызэрагъэпэщыжам, а илъэсым абы щыхуу екІуэлІар щІыху мини 180-м зэрыщІигъуам. Къащхэхуащ бгъэІэпхъуэ хъу щэнхабзэ центрхэр. Абы и фІыгъэкІэ щІынальхэмэ спектаклхэр щагъэльэгъуэныгьэмкІэ Іэмал яІэ хъуащ. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым хыхьэу зэрагъэпэщыжри, зыхуей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ гъуазджэхэмкІэ еджапІэхэу Анзорей, Хьэсэней къуажэхэм, Солдатскэ станицэм дэтхэр; къэрал программэмэхэм ялъэ иткІэ къыхэкІыпІэ зыхуей хуагъэзэжащ гъуазджэм щыхурагъаджэ сабий школибгъум я унэ 11; Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщэр илъэси 100 щрикъум зыхуэгъэхьэзырыным хуэгъэзауэ зэфІагъэкІ Іуэхуэхэм ялъэ иткІэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэ 24-рэ зэрагъэпэщыжащ. Псори зэхэту республикэм гъуазджэхэмкІэ и еджапІэхэм зыщагъасэ сабий минипщІым щыгъум. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа Балъкъэр къэрал драмэ театрри мыгувэу къыщыІэхьыжыщ.

«Щыху зэчиифІэхэр» щІынальэ проектым хыхьэу грант дэІэпыкъуныгъэ иратащ коммерцэм хэмыт Іуэхущ1апІэ 11-м. ДызыкуэкІуэ зэманым къапэщыт къалэнхэм я гугъу щищІым, министрым къиргъэльэгъуащ ялъэ игъэщыпхъэхэр - Республикэ гуащэ театрыр, Ныбжьыщ1эхэм я театрыр, Дзэлыкъэкъуажэ дэт, щІынальэм и сабий музыкэ школымрэ кьалэм Щэнхабзэмкі и унэмрэ, Дальнее, Джэрмэншык, Балъкъэр Ипщэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм Щэнхабзэмкі я унэхэр къызыкъэтыншэу зэрагъэпэщыжыкІ, Къулъкъужьи Ищхъэрэм гъуазджэхэмкІэ и сабий школыр зыхуей хуагъэзэн хуейщ. Къэрал программэм хыхьэу къагъэщІэрэщІэжьыну я мурадщ Литературэ музейр, Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэр, Театр ЩхъуантІэр, Прохладнэ къалэ округым Щэнхабзэмкі и унэр, «Спартак» стадионыр.

Иджыпсту нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм ящыщу Къумахуэдин къиргъэльэгъуащ «Балкария», «Терч къэзакъэр» къэфакІуэ гупэхм транспорт зэрамыІэр, апхуэдэуи дахэр утыку къызэрихьэ кІэстумыщІэхэри яхуэдэн зэрыхуейр. КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм иКІи кІыхигъэщащ а Іэнатіэм пэрытхэм лэжьапІщІэр зэрырат щІыкІэм мы зэманым зэрыхэпльэжьыр.

Республикэм и Іэтащхьэм зыхуагъэзащ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэм я унафэщІхэм. Рахаев Анатолий и гугъу ищІащ Кавказ Ищхъэрэм иц щІалэгъуалэм я кинофестиваль НалшыкщегъэкІуэжьыным ехьэлІа Іуэхуэхм. Мэлбахьуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэм, мы гъэм илъэсищэ ирикъум, и унафэщІ Емуэ Анатолий кьиІэтащ а унэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным теухуа Іуэхур. КІуэкІуэ Казбек Емуэ Анатолий и деж иригъэблагъащ, а Іуэхум нэхъ зэпкърыхауэ тепсэльыхьын папщІэ.

Къэрал Музыкэ театрым и унафэщІ Бэрэгъуэ Руслан КІуэкІуэ Казбек иригъэблагъащ «Травиата» спектаклым и япэ гъэльэгъуэныгьэм. Ар КъБР-м и Іэтащхьэм и гранткІэ ягъэуващ республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу. Апхуэдэуи абы жиІащ 2021 гъэм республикэм щыпсэуэхэм кьагъэщІэрэщІэжа программэ зэрырагъэльагъунур. Абы хэтщ Молэ Владимир и «Кьамбатрэ Лацэрэ» оперэмрэ «Цыджан барон» оперэмрэ.

«Балкария» къэрал Іуэрыіуатэзэтнографие ансамблым и унафэщІ Энеев Магомед КІуэкІуэ Казбек жриІащ илъэс 33-рэ хъуауэ республикэр къэралым, дунейм и щІыпІэ куэдым я утыкуэм екІуу кьащезыгъэщІыжу гупым нобэ и Іуэхуэ зэрагъэпэщыжащ. Псори зэхэту республикэм гъуазджэхэмкІэ и еджапІэхэм зыщагъасэ сабий минипщІым щыгъум. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа Балъкъэр къэрал драмэ театрри мыгувэу къызыхьэжынущ.

«Щыху зэчиифІэхэр» щІынальэ проектым хыхьэу грант дэІэпыкъуныгъэ иратащ коммерцэм хэмыт Іуэхущ1апІэ 11-м. ДызыкуэкІуэ зэманым къапэщыт къалэнхэм я гугъу щищІым, министрым къиргъэльэгъуащ ялъэ игъэщыпхъэхэр - Республикэ гуащэ театрыр, Ныбжьыщ1эхэм я театрыр, Дзэлыкъэкъуажэ дэт, щІынальэм и сабий музыкэ школымрэ кьалэм Щэнхабзэмкі и унэмрэ, Дальнее, Джэрмэншык, Балъкъэр Ипщэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм Щэнхабзэмкі я унэхэр къызыкъэтыншэу зэрагъэпэщыжыкІ, Къулъкъужьи Ищхъэрэм гъуазджэхэмкІэ и сабий школыр зыхуей хуагъэзэн хуейщ. Къэрал программэм хыхьэу къагъэщІэрэщІэжьыну я мурадщ Литературэ музейр, Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэр, Театр ЩхъуантІэр, Прохладнэ къалэ округым Щэнхабзэмкі и унэр, «Спартак» стадионыр.

Иджыпсту нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм ящыщу Къумахуэдин къиргъэльэгъуащ «Балкария», «Терч къэзакъэр» къэфакІуэ гупэхм транспорт зэрамыІэр, апхуэдэуи дахэр утыку къызэрихьэ кІэстумыщІэхэри яхуэдэн зэрыхуейр. КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм иКІи кІыхигъэщащ а Іэнатіэм пэрытхэм лэжьапІщІэр зэрырат щІыкІэм мы зэманым зэрыхэпльэжьыр.

Республикэм и Іэтащхьэм зыхуагъэзащ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэм я унафэщІхэм. Рахаев Анатолий и гугъу ищІащ Кавказ Ищхъэрэм иц щІалэгъуалэм я кинофестиваль НалшыкщегъэкІуэжьыным ехьэлІа Іуэхуэхм. Мэлбахьуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэм, мы гъэм илъэсищэ ирикъум, и унафэщІ Емуэ Анатолий кьиІэтащ а унэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыным теухуа Іуэхур. КІуэкІуэ Казбек Емуэ Анатолий и деж иригъэблагъащ, а Іуэхум нэхъ зэпкърыхауэ тепсэльыхьын папщІэ.

Къэрал Музыкэ театрым и унафэщІ Бэрэгъуэ Руслан КІуэкІуэ Казбек иригъэблагъащ «Травиата» спектаклым и япэ гъэльэгъуэныгьэм. Ар КъБР-м и Іэтащхьэм и гранткІэ ягъэуващ республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу. Апхуэдэуи абы жиІащ 2021 гъэм республикэм щыпсэуэхэм кьагъэщІэрэщІэжа программэ зэрырагъэльагъунур. Абы хэтщ Молэ Владимир и «Кьамбатрэ Лацэрэ» оперэмрэ «Цыджан барон» оперэмрэ.

«Балкария» къэрал Іуэрыіуатэзэтнографие ансамблым и унафэщІ Энеев Магомед КІуэкІуэ Казбек жриІащ илъэс 33-рэ хъуауэ республикэр къэралым, дунейм и щІыпІэ куэдым я утыкуэм екІуу кьащезыгъэщІыжу гупым нобэ и Іуэхуэ зэрагъэпэщыжащ. Псори зэхэту республикэм гъуазджэхэмкІэ и еджапІэхэм зыщагъасэ сабий минипщІым щыгъум. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа Балъкъэр къэрал драмэ театрри мыгувэу къызыхьэжынущ.

«Щыху зэчиифІэхэр» щІынальэ проектым хыхьэу грант дэІэпыкъуныгъэ иратащ коммерцэм хэмыт Іуэхущ1апІэ 11-м. ДызыкуэкІуэ зэманым къапэщыт къалэнхэм я гугъу щищІым, министрым къиргъэльэгъуащ ялъэ игъэщыпхъэхэр - Республикэ гуащэ театрыр, Ныбжьыщ1эхэм я театрыр, Дзэлыкъэкъуажэ дэт, щІынальэм и сабий музыкэ школымрэ кьалэм Щэнхабзэмкі и унэмрэ, Дальнее, Джэрмэншык, Балъкъэр Ипщэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм Щэнхабзэмкі я унэхэр къызыкъэтыншэу зэрагъэпэщыжыкІ, Къулъкъужьи Ищхъэрэм гъуазджэхэмкІэ и сабий школыр зыхуей хуагъэзэн хуейщ. Къэрал программэм хыхьэу къагъэщІэрэщІэжьыну я мурадщ Литературэ музейр, Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэр, Театр ЩхъуантІэр, Прохладнэ къалэ округым Щэнхабзэмкі и унэр, «Спартак» стадионыр.

Иджыпсту нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм ящыщу Къумахуэдин къиргъэльэгъуащ «Балкария», «Терч къэзакъэр» къэфакІуэ гупэхм транспорт зэрамыІэр, апхуэдэуи дахэр утыку къызэрихьэ кІэстумыщІэхэри яхуэдэн зэрыхуейр. КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэм иКІи кІыхигъэщащ а Іэнатіэм пэрытхэм лэжьапІщІэр зэрырат щІыкІэм мы зэманым зэрыхэпльэжьыр.

Республикэм и Іэтащхьэм зыхуагъэзащ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэм я унафэщІхэм. Рахаев Анатолий и гугъу ищІащ Кавказ Ищ-

1964 гъэ

1969 гъэ

1972 гъэ

1985 гъэ

1997 гъэ

2008 гъэ

2011 гъэ

2016 гъэ

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд:

Лъэпкъым Іэщ1экІар зы сщІыжынырщ сызыщІэхъуэпсыр

Хьэфыщ1э Мухьэмэд Мусэбий и къуэр Бахьсэн щІынальэм щыщ Зеикъуэ (ХьэтІохьущкІуэй Ипщэ) къуажэм 1946 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и адыгэбзэ-урысыбзэ кьудамэр къиухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэщ, «Хэхэс адыгэхэр», «Нарт», «Хасэ» газетхэр къыдегъэкІ. Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и цІыхубэ депутату (1990 - 1993 гъэ.ГъІ.), Дунейпсо Адыгэ Хасэм и апэ вице-президенту (2009 - 2012) щытащ. ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, «Адыгэ щІэнгъуэзэ» институтым и унафэщІщ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм 2000 гъ ЛъандэрэІ и тхьэмадэщ. Кавказыр зыдж дунейпсо зэгухьэныгъэм (США, Чикагэ) хэтщ.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ я журналистщ. «ПщІэрэ ЩІыхьэ» абхъаз орденыр, «Адыгеим и ЩІыхь» медалыр, Дунейпсо шэрджэс фондым и «ФІыщІэ» саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. Хьэфыщ1э �щІДАА-м, Петровскэ Академием, Творчествэмкі дунейпсо академием хэтщ, Урыс географие обществэм 2015 гъэм хагъэхьащ. ЦІыхубэ дипломатщ, США-м и Олахэмэ штатым хыхьэ Стиллуотер къалэм, щалъхуа Зеикъуэ я къуажэм щІыхь зиІэ я цІыхущ.

ИЛЬЭС 24-рэ хъуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, илъэс 21-м нэблагъэуэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт Хьэфыщ1э Мухьэмэд лэжьыгъэрэ Іуэхуу зэфІигъэкІыр, цІэ лъапІэрэ щІыхь дамыгъэу иІэр мащІэхьым. А псори къызэрилэжьаи, дуней псом цІэрыІуэ щызыщІари къызыхэкІа лъэпкъым хуиІэ лъапІуныгъэмрэ къызэрымыкІуэ хэкупсэу зэрыщытымрэщ, ГъунэжимиІэ гуащІэрэ жану лажьэ акъылрэ зэрыбгъэдэлъыщ.

Гугъущ Мухьэмэд хуэзфІэкІа псор зы тхыгъэм къибгъэзэгъэну, къикІуэ гъуэгуанэ купщІафІэр сыхьэт зыбжанэм кьебгъэІуэтэну. ИтІани и махуэ лъапІэр ди щхьэусыгъуэу, упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- **Мухьэмэд, сыт хуэдэ Іуэхуми къежьапІэ зэриІэм хуэдэу, цІыху гъащІэми лъабжьэ гуэр иІэщ, къэзыпхъуэхэм, къызыхэкІахэм я деж къыщыщІидзэу. Адэ-анэр зыщыгуфІыкІа, быныр зэрыгушхуа, лъэпкъым и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъужа гъуэгуанэ дахэ къызэпычар къыщежьам хуэпелъэкІыжмэ, сыт уигу къэкІыжыр?**

- Сабиигъэращ цІыху гъащІэм щІэдзапІэ хуэхъури, гум Іэфіу кьинэри, узытехьэну лъагъуэр пхыІыщри. Сэ быным гранэжьжьэ, шыпхъуитхум срадзэлъу закъуэт. Ди адэр жащ-махуэ имыІэу колхозым щылажьэрти, мэзым пхъэхэ кІэнри, пщІантІэм щыІэбэнри сэрат зи пщэ къыдэхуэр. Ауэ си шыпхъуэр къэжэпхъа нэужь, лжьыгъэм и нэхъыбэр сщхьэщахащ. Ахэр схуэузынШэщи, си щхьэкІэ сынасыпыфІэзу зызобжьж.

(КІэухыр 6-нэ нап.)

● Гупыж

ЩІым и сыхьэт

Къэбэрдей-Балъкъэрыр мы гъэми хэтынщ ЦІыхуІэ зылъэмыІэса щІыуэпсым и дунейпсо фондым (World Wildlife Fund - WWF) къыхихьэха «ЩІым и сыхьэт» зыфІаща къэрал зэхуаку Іуэхугъуэм.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым ЩІым и сыхьэтыр зыхуагъэзар ГъатхэпэМ и 27-рац. Іуэхур дзэыІыгъэ къэралхэм щыІэ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дзэ унагъуэхэм, дэт Іуэхущ1апІэхэм, тыкуэнхэм, курыт еджапІэхэмрэ зэхэтчэтыщІэ Іэнатіэхэмрэ, къыхуеджэнымгъэм пэджэжа псоми - лейуэ ягъаблэ уэздыгъэхэмрэ мыхьэнэ ин зимыІэ электро-Іэмэпсымэхэмрэ нобэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м деж щыІуачыныщ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэм зэрызихъуэжьым, дызытес щІым и хъугъуэфІыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ къызэрыгъэсэбэпыпхъэм къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, цІыхубэр езыгъэгупсыс Іуэхугъуэм и мыгъэрей Іыхьэм, зэрыхуагъэфащэмкІэ, цІыху мелардым щІигъу хэтынущ.

Зэрыгурыіуэгъуэщи, ЩІым и сыхьэтыр кьезыхьэжьахэм ар ядэтІыгъыну хуитынытэ дИІэщ дэтхэнэми. Абы пащІэ сыт тщІэн хуейр, жыІэу фыщІэупщІэмэ, ди унэхэм электричествэм пыдзагъэ щІэт унэлъащІэхэм ящыщ зыбжанэр пІалъэ гуэркІэ къызэритчыным яужь дитпхъэу аращ, ди планетэм и хъугъуэфІыгъуэхэм даззрыщысхьым и нэщэнэу.

Ауэрэ здекІуэкІым, 2007 гъэм зи гугъу тщІы WWF фондым Австралием япэ дыдэу къыщызэригъэпэщауэ щытащ «The Sydney Morning Herald» зыфІаща Іуэхугъуэу ди планетэм и хъугъуэфІыгъуэхэм я къэгъэсэбэпыкІэм ехьэлеиныгъэу хальъагъэхэм жылагъуэм гу лъегъэтэным хуэгъэзар. Континент (щІыналъэ) жыжьэм и кьалэ нэхъ ин дыдэм щызэхаша «щІыхьэу» иным кьрикІуар аращи, щыкІэлъыкІуэ илъэсым абыхэм я щапхъэм иригъэузащ ЩІы Хьурейм тет къэрал куэдым я кьалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыІэ Іуэхущ1апІэхэм щылажьэхэмрэ щІыху къызэрыгуэкІыу дзэсхэмрэ.

2009 гъэр къэтщтэнщи (а илъэсырщ ЩІым и сыхьэтыр Урысей Федерацэм ящыщысар), ар щытащ ди планетэм щыпсэу щІыхуэхэм ящыщу мелардым нэблагъэр зыхэта Іуэхугъуэу. Абы щыгъуэ Москва щагъэкІуэсат кьыпчми зэранагъэшхуэ къэзымышэну кьалъытэ уэздыгъэ лейхэу МГУ-р, Киевскэ вокзалыр, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академиер я гупэщІыбагъкІэ зэщІэзэгъэнахуэхэр, ИКЕА хьэрычэтыщІэ къызэрэпэщыныгъэм ейхэр, нэгъуэщІхэри.

2010 гъэм и гугъу тщІымэ, Санкт-Петербург щІыхуэр дзэзыхьэхуу дэт Эрмитажым, Уардэунэ лъэмыжым, Невский Александр и лъэмыжым, езы кьалэм и администрацэм и унэ нэхъыщхьэм, нэгъуэщІ-кьинэмыщІ куэдми езыхэм я фІэфыныгъэкІэ, ЩІым и сыхьэтым ирихьэлІэу, ахэр зэщІэзыгъэнахуэ уэздыгъэхэр къыщрачуэу щытащ.

Пщыхьэщхьэ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м Налшык кьалэ ЗэгурыІуэныгъэм и утыкум щыщІидзэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэмрэ экологиемкІэ и министерствэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыІэ ЩІалэгъуалэ советым, республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэм зэгъэсу кьыщызэрагъэпэщыну зэхьэхьэм. Абдежым кьалэн куэд зыгъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым и волонтёрхэм джэгугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ зэпеуэхэмрэ щызэхащэнущ, шэху уэздыгъэхэмрэ Іуэхум ехьэлІа хьэпшып щыкІуэмэ щагъэшынущ, республикэм и артист ныбжьыщ1эхэм зыкъыщагъэльэгъуэнущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 27, *щэбэт*

♦**Театрым и дунейпсо махуэщ**

♦**«ЩІым и сыхьэт» зыфІаща акцэр ирагъэкІуэкІ**. Дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын, абы и хъугъуэфІыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейм цІыхуэхэм иджыри зэ гу лърагэтэн мурадкІэ ар къызэрагъэпэщ 2007 гъэ ГъІандэрэ. Абы хэтхэм нобэ щІыпІэ зэманымкІэ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м уэздыгъэхэр ягъэункІыфІ иКІи ар зы сыхьэткІэ ягъаблэркъым.

♦**Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм я махуэщ**

♦**1841 гъэм** Нью-Йорк (США) кьалэм дунейм щыпсэу кьыдыхьащ мафІэсгъэункІыфІ машинэр. Абы ахуэздзу уеджэнуи кьезэгъащІэгъэтэкъым, сыту жыпІэмэ, къызэрырашэкІыр шитІ зыщІэщІа гукІэт.

♦**1945 гъэм** Бирмэм и лъэпкъ ямэм зыкъыІэтащ иКІи я къэралыр япон зэрыпхъуакІуэхэм кьаІэщІыжащ.

♦**1968 гъэм**, зэрыса кьухьлъатэр Владимир областым кьыщецхуэхри, иуКІащ дунейм и япэ космонавт, Совет Союзым и ЛІыхьужь Гагарин Юрий.

♦**1990 гъэм** Инджылызым и кьалащхьэ Пондон кьыщызэІуахащ Конан Дойл Артур и тхыгъэхэм я ЛІыхьужь Холмс Шерлок и музей.

♦**2011 гъэм** Урысейр гъэмахуэ зэманым техьащ - УФ-м и Президенту а зэманым щыта Медведев Дмитрий Іэ щІидзащ щІымахуэ, гъэмахуэ зэман жаІэу сыхьэтхэр ирамыгъэкІуэтэкІыным теухуа унафэм.

♦Нэмыцэ физик цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыи и япэ лауреат **Рентген Вильгельм Конрад** къызэралъхуэрэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Революционер, къэрал лэжьакІуэ **Киров (Костриков) Сергей** къызэралъхуэрэ илъэси 135-рэ ирокъу. Кировыр 1934 гъэм яуКІауэ щытащ.

♦Совет пианист, виолончелист, дирижёр, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, «Грэмми» саугъэтыр тхуэнейрэ зрата **Ростропович Мстислав** къызэралъхуэрэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Балъкъэр Фоусэт** къызэралъхуэрэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, Урысейм и цІыхубэ артист **Жарков Алексей** къызэралъхуэрэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦**1990 - 1996 гъэхэм** Урысейм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхмкі и министр, УФ-м и Къэрал Думэм и япэ, етІуанэ хэхьыгъэхэм я депутату щыта **Козырев Андрей** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, актёр цІэрыІуэ **Тарантинэ Квентин** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Урысей лыжник, биатлонист, паралимп чемпион плІэнейрэ хъуа **Зарипов Ирек** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 28, *тхьэмахуэ*

♦**Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьынымрэ и махуэщ**. 1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Указ кьыдигъэкІащ балъкъэр лъэпкъыр зрагъэкІа щІыналъэм кьэкІуэжьну хуит щІынымрэ теухуауэ. КъБР-м и Президентым 1994 гъэм гъатхэпэм и 25-м Іэ зыщІидза унафэм ипкъ иткІэ гъатхэпэм и 28-р республикэм щагъэльапІэ.

♦**Белоруссием щІыхуэм Іуэхут-хьэбзэ яхуэщІынымрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Азербайджаным лъэпкъ щынагъэшнагъэмкІэ и органэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Сербием и Конституцэм и махуэщ**

♦**1776 гъэм** Москва Театр Иныр къызэрагъэпэщащ. Меценат цІэрыІуэ Урусов Пётр 1776 гъэм гъатхэпэм и 28-м кьыІэрыхьащ актёр гуп къызэригъэпэщыну хуит зэращІыр иКІи спектаклхэр, махуэшхуэхэр, нэгъуэщІхэр егъэкІуэкІыным текІуэгъэм мылькыри зэрыхуахьыр кьыщыгъэльэгъуэ тхыльэ. Абы Урысейм и унафэщІ Екатеринэ ЕтІуанэм и Іэ щІэлът.

♦**1797 гъэм** Нью-Гемпшир (США) дунейм щыпэнэу щызэпкъралъхьащ пхъэм къыхэщІыкІа зэрыжьыщІэ машинэ. Ар зи Іэдакъэщ1экІ Бриггс Натаниэль абы щыхьэт техьэу тхылъ иратащ гъатхэпэм и 28-м.

♦**1837 гъэм** Чикагэ (США) кьалэ хъуащ. Нью-Йоркрэ Лос-Анджелесрэ яужькІэ арат цІыху нэхъыбэ щыпсэур.

♦**1891 гъэм** Лондон (Инджылыз) щызэхэтащ атлетикэ хьэлъэмкІэ япэ дунейпсо чемпионатыр.

♦**1910 гъэм** франджыз инженер Фабр Анри дунейм щыяпэу псым телъэтыкІри узгум ихьащ абы хуэщІа кхъухьлъатэкІэ.

♦**1930 гъэм** Константинополь, Анголэ кьалэхэм я иджыпей тырку-цІэхэр - Истамбылрэ Анкарарэ - фІащащ.

♦Урыс тхакІуэ, драматург, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта **Горький (Пешков) Максим** къызэралъхуэрэ илъэси 153-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ-штурман, Совет Союзым и ЛІыхьужь **Расковэ Маринэ** къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Театрми киноми я урысей актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь **Смоктуновский Иннокентий** къызэралъхуэрэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхьужь **Губарев Алексей** къызэралъхуэрэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Митта (и унэцІэ дыдэр Рабиновичщ) Александр** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал лэжьакІуэ, тхакІуэ, усакІуэ **Псыхэмыхьэ Мусэ** къызэралъхуэрэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦«Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Кьардэн Мухьэмэд** къызэралъхуэрэ илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм дыщэ медаль кьыщыщІэхьа **Бобровэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 29, *блыщхьэ*

♦**Урысейм Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Къарухэм я юридическэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Китайм щагъэльапІэ Щ1алэгъуалэм я махуэщ**

♦**1730 гъэм** Москва и уэрамхэр къагъэнхуу щІадзащ.

♦**1873 гъэм** Толстой Лев «Анна Каренина» романыр тхын щІидзащ.

♦**1886 гъэм** зэхалъхьащ иджы дунейм щынэхъ щІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ хъуа «Кока-Кола» псы лІэужьыгъуэр.

♦**1891 гъэм** Урысейм и император Александр III унафэ ищІащ дуней псом щынэхъ кІыхь дыдэ Транссибыр гъущІ гъуэгур ухуэным теухуауэ.

♦**1911 гъэм** Санкт-Петербург кьалэм кьыщызэрагъэпэщащ Урысейм и Олимп комитетыр.

♦**1998 гъэм** Португалием и кьалащхьэ Лиссабон кьыщызэІуахащ Европэм щынэхъ кІыхь дыдэ лъэмыжыр - Васко да Гамэ и цІэр зыфІащар. Ар ирагъэхьэлат «Экспо-98» дунейпсо выставкэр кьыщызэІуахьым. Абы метр 17185-рэ и кІыхьагъщ, метр 31-рэ и бгъуагъщ.

♦Урысей пащтыхь, Пётр Езанэм и адэ **Романов Алексей** (1645 - 1676 гъэхэм къэрал унафэр зыІэщІэлъа, Сабыр дыдэ цІэ лейр зытеІуэкІауэ щытар) къызэралъхуэрэ илъэс 392-рэ ирокъу.

♦США-м и 10-нэ президенту щыта **Тайлер Джон** къызэралъхуэрэ илъэс 231-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, политик, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, публицист, УФ-м и цІыхубэ артист **Говорухин Станислав** къызэралъхуэрэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Ало Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Осетие Ипщэм, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Дзидзоев Валерий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Гъатхэпэм и 26-р Театрхэм я дунейпсо махуэщ

Сабиигъуэм къыпызыщэ

Шэджэм къалэм и «Псынэ цІыкІу» сабий гъэсапІэм Театрхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу щагъэлъэгъуащ «Дыгъужьымрэ чыцІиблымрэ» теплъэгъуэр.

ГУАЩЭ театрыр Іуэхущ1апІэм и гъащІэм щыщ Іыхьэ хъуащ. Гуп нэхъыщІэхэм я гъэсакІуэхэу Гуанэ Заремэрэ Нэзрэн ХьэІишэтрэ сабийхэр а махуэм ирагъэплъащ «Дыгъужьымрэ чыцІиблымрэ» спектаклым. Театрым и дунейр къызыхуэІуаха сабийхэм, дауи, ар щІэщІыгъуэ ящыхъуащ. Гуащэкэр ІэкіуэлъакІуэу зэрызэрагъэкІымрэ абы щІалъхьа макъымэмрэ щІыкІуэр таурыхъым и дуней теплъыджам хашащ иКІи гъэщІэгъуэн ящыхъуащ я гур зыхьэхуа теплъэгъуэр.

- ЦІыкІуэр артистхэм ягъэзащІэ ЛІыхъужьхэм хуэдэхэм ящыщынкІэ хъунщ, ауэ абыхэм я теплъэхэр къыщыгъэльэгъуа я хьэпшыпхэм ириджэгуну яфІэфІ дыдэщ. Сабийхэр темыпыІэжу къыдэплъащ, фІыуэ ялъагъу лІыхъужьхэм я телъхьэу, - жеІэ Гуанэ Заремэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, спектаклыр щагъэльэгъуэм сценэр екІуу къызэрызэрагъэпэщащ. Макъамэри куэду хагъэхьащ. Къищынэмыщ1аеу, спектаклым хэт лІыхъужьхэр - гуащэхэр - езыхэм ящІащ, фащэхэр хуадащ, зэрагъэкІыщ, уэрэд щыкІуэр жраГъэІащ, кьагъэфащ.

● Проектхэр



Скульптор цІэрыІуэ ГъущІапщэ Арсен 1763 - 1864 гъэхэм екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэм и зэманым Хэку залымыгъэкІэ ираша адыгэхэм ятриухуа мемориал комплексыр.

Тенджызэ ФІыцІэм и Кавказ Іуфэм.

Тенджызэ ФІыцІэм и Тырку Іуфэм.

● ЖЫІэгъуэхэр

Унэгуащэ хахуэм мащІэри куэд ещІыф

♦ Лъэпкъ лІыгъэншэм ущІебгъэрыкІуэн щхьэусыгъуэ гъуэтыгъуафІэщ.
♦ Нэхъыжьыфі зиІэ лъэпкъым хъуэпсэгъуэ куэд дыболъагъу.
♦ Уэыхэсым и лъабжьэ къэптІыныр уи мащэ хъэптІыж пэлъытэщ.
♦ Уи адэшхэм и пщІэр уи напщІэ телъ къудейкІэ уи фІыщІэм хэхъуэнукъым.
♦ Уи лъэпкъым хуэпщІэфар пщІа псом нэхърэ нэхъ лъапІэщ.
♦ Уи псэр хэлъхьи, уи бзэр кьеГъэл.
♦ ФадэкІэ къыпхуэупсэр уи псэм йоІэ.
♦ Анэр арэзы зыщІыфым Тхъэм и нэфІ къыщохуэ.
♦ Бжьр унэгуащэм Іэщ1ыхьэмэ, фэбжьыр лІым и Іыхьэщ.
♦ Бын узыншэ ухуеймэ, къэзылъхунур гуапэ щумыгъащІэ.
♦ Быным хэлъ мыхъумыщІагъэр анэм и нэм зэрилъагъур гъэмэщІауэщ.
♦ ЖыхуиІэ псор зыхуащІэу еса сабийм хуащІэм пщІэ хуищІыжыркъым.
